# आकाशवाणी, गोरखपुर

## दिनांक–14 अगस्त 2024 भोजपुरी समाचार

देस बिहने आपन अठहत्तरवां स्वतंत्रता दिवस मनायी। प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी दिल्ली के लालकिला के प्राचीर से राष्ट्रीय ध्वज फहरइहें अउर राष्ट्र के सम्बोधित करिहें। स्वतंत्रता दिवस के पूर्व संध्या पर राष्ट्रपति द्रौपदी मुर्मू आजु राष्ट्र के सम्बोधित करिहें। ई सम्बोधन आकाशवाणी के सज्जो राष्ट्रीय नेटवर्क पर संझा सात बजे प्रसारित कइल जाई। सम्बोधन, दूरदर्शन के सज्जो चैनलन पर बारी–बारी से हिन्दी अउर अंगरेजी में प्रसारित कइल जाई, एकरे बादे क्षेत्रीय भासा में एकर प्रसारण कइल जाई।

**********

विभाजन विभीषिका स्मृति दिवस के मौका पर आजु लखनऊ में मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ के अगुवाई में विभाजन विभीषिका स्मृति मौन पद यात्रा निकारल गइल। मुख्यमंत्री सबसे पहिले सरदार वल्लभ भाई पटेल के प्रतिमा पर फूल चढ़वलें। एकरे बादे सरदार वल्लभ भाई पटेल के प्रतिक स्थल से सुरू होके पद यात्रा लोक भवन ले पहुंचल। लोकभवन में पहुंचले के बादे मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ विभाजन विभीषिका के त्रासदी पर आधारित अभिलेख प्रदर्सनी क अवलोकनों कइलें। एकरे बादे आयोजित सरधांजलि सभा के संबोधित करत श्री योगी कहलें कि जवन दृश्य ओनइस सौ सैतालिस में देखे के मिलल रहे, ओही दृश्य आजु बांग्लादेस में देखे के मिल रह हवे। डेढ़ करोड़ से बेसी हिन्दू आपन अस्मिता के बचावे खातिर गुहार लगा रहल हवें, मगर कथित सेक्कुलेरिस्ट क मुंह सियल हवे। काहे से कि ओन्हे डर हवे कि उनकरे मुंह से एक्को सब्द निकरी त ओनकर वोट बैंक खिसक जाई। येहि क्रम में प्रदेस भर में कार्यक्रमन क आयोजन कई के विभाजन के त्रासदी के झेले वाले परिवारन के प्रति सोक संवेदना सतावल गइल। महराजगंज में आयोजित कार्यक्रम में केन्द्रीय वित्तय राज्य मंत्री पंकज चौधरी कहले कि आजु ओन्हें याद कइले क दिन हौ, जिनकर जिनगी बटवारा क बलि चढ़ गइल।

ओहर गोरखपुर के महायोगी गोरखनाथ विश्वविद्यालय से जुड़ल स्वास्थ विज्ञान संकाय में आयोजित व्याख्यान के दौरान राष्ट्रीय सेवा योजना क आर्य भट्ट इकाई के स्वंय सेवक एकता प्रेम अउर सदभाव क संकल्प लिहले। भदोही मे विभाजन विभिषिका पर एगो संगोष्ठी अउर एगो चित्र प्रदर्शनी का आयोजित कइल गइल। उन्नाव में कलेक्ट्रेट से जीआईसी ग्राउंड ले पांच सौ मनइयन के साथे जिलाधिकारी मौन जूलूस निकरलें। ऐहि क्रम में अजोध्या, बनारस, देउरिया अउर मऊवो में कार्यक्रमन क आयोजन कइल गइल।

**********

हर घर तिरंगा अभियान के तहत प्रदेस भर में तिरंगा यात्रा निकार के आम लोगिन के स्वतंत्रा दिवस के जस्न में सामिल होखे बदे जागरूक कइल जा रहल हवे। येह कड़ी में आजु बनारस मे उत्तर प्रदेस क राज्य मंत्री (स्वतंत्र प्रभार) रविन्द्र जायसवाल हर घर तिरंगा कार्यक्रम में अपने अपने घरन पर राष्ट्रीय ध्वज लगवले क लोगिन से अपील कइले हवे। उहां के अपने विधायक निधि से बनवावल गइल पुलिस लाईन परिसर के लग्गे पंचवा राष्ट्रीय ध्वज स्थल क बुधवार के लोकार्पण कइ के देस के आन बान सान के प्रतिक सौ फीट के राष्ट्रीय ध्वज के फहरवले। ओहर गोरखपुर, जौनपरु, भदोही, अमरोहा के लेके कई गो जिलन में तिरंगा यात्रा के तहत जागरूकता कार्यक्रम क आयोजन कइल गइल।

**********

प्रदेस क ऊर्जा मंत्री ए.के. शर्मा कहले हवें कि सौर ऊर्जा उत्पादन के क्षेत्र में यूपी देस में सर्वोच्च परदरसन करे वाले राज्यन के श्रेणी में हवे। प्रदेस में तीनि हजार आठ सौ चालीस मेगावाट बिजुली उत्पादन क्षमता क नौ गो सोलर पार्कन के बनावल जा रहल हवे। एहमें से पांच सौ अट्ठाइस मेगावाट बिजुली क उत्पादन सुरू हो गइल हौ। श्री शर्मा कहलें कि सौर ऊर्जा क प्राकृतिक सम्भावना वाले सर्वश्रेष्ठ चारि गो राज्यन राजस्थान, गुजराज, आंध्र प्रदेस अउर मध्य प्रदेस के बादे उत्तर प्रदेस देस में पचवां जगहि पर हवे, जहवां सौर ऊर्जा उत्पादन के क्षेत्र में बड़हन स्तर पर कार कइल जा रहल हौ।

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ सत्रह अगस्त के बनारस क दौरा करिहें। अपने एक दिवसीय जतरा के दौरान मुख्यमंत्री सर्किट हाऊस में विकास कार्यन अउर कानून व्यवस्था क समीक्षा बइठकी करिहें। एकरे बादे ओलंपियन ललित उपाध्याय के सम्मानित करिहें। मुख्यमंत्री श्री कासी विश्वनाथ मंदिर में दरसन पूजन क अलावे गतिसील विकास परियोजनन क निरिक्षणों कई सकेलें। मुख्यमंत्री के अइले क संकेत मिलते परसासनिक अधिकारी तइयारी में जुटि गइल हवें।

**********

कोलकाता में महिला डाक्टर के साथे दुस्कर्म के बादे भइल हत्या के विरोध में आजु बस्ती के गुरू वषिष्ठ स्वायत्तशासी चिकित्सा महाविद्यालय के चिकित्सक कैली अस्पताले पर विरोध परदसन कइलें। परदसनकारी डाक्टर कहलें कि दोसियन के खिलाफ कड़ेर से कड़ेर कारवाई होखे के चाही। मामिला में सीबीआई के तहत विधिवत जांचि करावल जाय। उक्त घटना में खाली एगो आरोपी के गिरफ्तार कइल गइल हवे, जबकि उक्त प्रकरण दुष्कर्म न होके सामूहिक दुष्कर्म हवे। एकरे बदे केन्द्र सरकार के मामिला में दखल देत प्रकरण का विशेष जांचि करावल जाए।

**********

राष्ट्रीय अंतरिक्ष दिवस के मौका पर आजु लखनऊ में आयोजित कार्यशाला में जल सक्ति मंत्री स्वतंत्रदेव सिंह शामिल भइलें। उहां के कहलें कि जहवां कुछु देसन के झंडा पर चांद हवे, ओही हमार झंडा चांद पर हौ।

**********